

## Sekirite charyo golf

Paske charyo golf mache Dousman, li facil pou iyore pwosede sekirite yo. Men aksidan charyo golf ka blese seryezman e mem ka tiye moun.

Biwo ki fè statistic pou travay (Bureau of Labor Statistics) di ke ant 1992 e 2001, aksidan charyo golf kose yon afè de 730 blesi ki pat fatal men fi fè moun pèdi jou travay. De 1994 a 2000, biwo a rapòte yon afè de sink mò ki asosye ak charyo golf

Anpil charyo golf pa gen sekirite kouwè senti ak balon. Se poutèt sa li plis kritik ke yo etabli epi swiv règ.

**Bòs yo dwe aplike epi kominike pwosede pou travayè enpwaye pou yo asire sekirite lè yap opere yon charyo golf.**

- Limite sèvis charyo yo ak anploye ki gen yon pèmi valab
- Fè trening pou montre travayè ki fèk vini you kouman pou yo kondui charyo golf
- Pa jam kondui yon charyo si w sou oubyen w sou dròg
- Limite kapasite charyo golf ak yon plan patikilye (kou wè, de pasaje, kat pasaje, etc.)
- Chita sèlman sou chèz chofè a lè w ap kondwi charyo a
- Kenbe men a a pye andedan charyo a tout tan
- Rete chita tout tan lè w ap kondwi charyo a – epi asire w ke pasaje you ret chita tout tan.
- Mete fren anvan sòti nan charyo a
- Asire ke charyo a rete konplètman anvan antre e sòti ladan
- Kondi charyo a sèlman kote w gendwa kondi
- Kondi ak prekosyon sou kote ki apik e sou teren ki pa swa
- Apwoche teren ki apik oubyen ki pa swa vètiklman pou anpeche ranvèse epi pou charyo pa glise
- Evite kondwi sou kote ki mouye oubyen ki gen labou
- Ralanti lè w ap vin nan kwen oubyen lè w ap pase sou poliskouche nan lari

- Ralanti lè w ap kondui sou mòn
- Toujou vire gad dèyè lè w ap fè bak e pa jam eseye fè bak sou mòn
- Kondui ak defans! Toujou fè atansyon a sak sou kote w epi kenbe zye nan kote w prale.

Suiv règ operasyon pou evite oubyen minimize aksidan nan charyo golf. Sèvi ak yon guid ki ekri pou kominike règ sa a yo ak travayè-e asire w ke yo konpran rasyonnal dèyè chak règ

Zenith provides workplace safety resources at: **TheZenith.com**<sup>®</sup>

Zenith Insurance Company/ ZNAT Insurance Company. 21255 Califa Street. Woodland Hills, CA 91367 ©2010 Zenith Insurance Company. All Rights Reserved. @Zenith, TheZenith and TheZenith.com are registered US service marks. Zenith Insurance Company (Zenith) assists employers in evaluating workplace safety exposures. Surveys and related services may not reveal every hazard, exposure and/or violation of safety practices. Inspections by Zenith do not result in any warranty that the workplace, operations, machinery, appliances or equipment are safe or in compliance with applicable regulations. Any recommendations and related services are not and should not be construed as legal advice or be used as a substitute for legal advice. Employee protection is ultimately the responsibility of the employer. Policy coverage is not contingent upon the provision, efficacy or sufficiency of these services.